

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rancangan kagiatan ngumpulkeun, ngolah, nganalisis jeung nyajikeun data anu dilakukeun sacara sistematis jeung objéktif pikeun ngungkulan hiji pasualan atawa nguji hiji hipotésis pikeun mekarkeun prinsip umum (Herdayanti, 2019, kc. 10).

Dina ieu panalungtikan, siswa diukur kamampuh maca aksara Sundana saméméh jeung sanggeus dibéré *perlakuan* ngagunakeun modél pangajaran *picture and picture*. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén kalawan desain *one group prestes and posttest design*. Dimimitian ku cara diayakeun tés awal ku cara méré soal *pretest*, dituturkeun ku digunakeunana modél *picture and picture* salaku *perlakuan (treatment)* kalawan tujuan ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca aksara Sunda, tuluy dipungkas ku méré soal *posttest*.

**Tabél 3 1**  
Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan :

O<sub>1</sub> : *pretest* (kamampuh awal maca aksara Sunda saméméh dilarapkeun modél pangajaran *picture and picture*)

X : *perlakuan/treatment* (digunakeun modél pangajaran *picture and picture*)

O<sub>2</sub> : *posttest* (kamampuh ahir maca aksara Sunda sanggeus digunakeun modél pangajaran *picture and picture*)

### 3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VII-A di SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2023/2024. Salasahiji dadasar milih sakola SMP


Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024 téh nya éta pangaweruh jeung kaparigelan siswa dina maca aksara Sundana masih kénéh kurang. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan pikeun ngukur kamampuh maca aksara Sunda siswa kalawan ngagunakeun modél *picture and picture* anu dipiharep bisa ngaronjatkeun karep jeung kamampuh diajar siswa dina maca aksara Sunda. Ieu dihandap mangrupa jumlah sumber data dina ieu panalungtikan.

**Tabél 3.2**  
Sumber Data Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung

Kelas	Wanda Baga	Jumlah
VII-A	Awéwé	17
	Lalaki	13
<b>Jumlah siswa</b>		30

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun panalungtik pikeun meunangkeun hasil, tujuan, jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode ékspérimén kalawan désain *one group pretest and posttest design*. Ieu di handap ditétélakeun prosedur panalungtikan dina wangun bagan.



**Bagan 3.1**  
Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

a. Idéntifikasi masalah

Tahapan awal dina ieu panalungtikan nya éta nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan masalah, sarta métode anu digunakeun saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtik ngaidéntifikasi masalah ngeunaan matéri aksara Sunda.

b. Ngararancang alur

Tahap kadua nya éta ngararancang alur ku cara ngarumukeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.

c. Ngarumuskeun instrumén

Tahapan katilu panalungtik nyieun instrumén dina wangun soal *pretest* jeung *posttest* dina wangun anu sarua.

d. *Pretest*

Tahapan kaopat nya éta ngukur kamampuh awal siswa dina maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *picture and picture*.

e. Ngagunakeun modél *picture and picture*

Tahap kalima panalungtikan méré *perlakuan (treatment)* ka siswa ku cara ngalarapkeun modél *picture and picture*.

f. *Posttest*

Tahap kagenep nya éta ngukur deui kamampuh siswa dina maca aksara Sunda sanggeus dilarapkeun modél *picture and picture*

g. Analisis data

Tahap katujuh panalungtik ngolah data sanggeus ngagunakeun ngalaksanakeun *pretest* jeung *posttest*.

h. Kacindekan

Tahapana kadalapan panalungtik nyieun kacindekan tina tahapan-tahapan saméméhna tuluy disusun dina wangun skripsi.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Panalungtik ngukur kamampuh maca siswa ngaliwatan tés anu dilaksanakeun dua kali. Kahiji *pretest* nya éta pikeun mikanyaho kamampuh awal



### 3.6 Analisis Data

Aya sababaraha tahapan anu dilakukeun pikeun nganalisis hasil data kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture*, diantarana:

- mariksa hasil tés (*pretest* jeung *posttest*) maca bedas téks déskripsi ngeunaan tatarucingan dina wangun aksara Sunda;
- mariksa jeung meunteun hasil tina maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *picture and picture* dumasar kana kritéria di handap;
- méré peunteun kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh jeung saeunggeus ngagunakeun modél *picture and picture*, kalawan rumus:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Katerangan:

P = Peunteun

$\sum B$  = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$  = Peunteun maksimal

Katégori = Peunteun  $\geq 75$ , siswa dianggap mampuh maca aksara Sunda. Peunteun  $\leq 75$ , siswa dianggap teu mampuh maca aksara Sunda.

- ngasupkeun niléy kana tabél di handap. Peunteun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture*.

**Tabél 3 4**  
Format Peunteun Maca Aksara Sunda

No	Aspék anu dipeunteun	Skor	Skala
(1)	(2)	(3)	(4)
	Waktu maca		
	Jumlah kecap bener		
	Lentong		
	Artikulasi		
	Volume sora		
Jumlah			

(Apriani, 2016, kc. 51)

Keterangan:

1) Waktu Maca

Skala	Katégori	
5	1-3 menit	gancang pisan
4	4-5 menit	gancang
3	6-7 menit	rada gancang
2	8-9 menit	alon
1	>10 menit	alon pisan

2) Jumlah benerna kecap

Skala	Katégori	
5	85-100 kecap	loba pisan
4	65-84 kecap	loba
3	45-64 kecap	sedeng
2	25-44 kecap	saeutik
1	1-24 kecap	saeutik pisan

3) Lentong

Skala	Katégori
5	merenah pisan
4	euweuh kasalahan
3	kurang merenah
2	aya kasalahan dina makéna lentong
1	loba pisan kasalahan dina makéna lentong

4) Artikulasi

Skala	Katégori
5	jelas jeung euweuh kasalahan
4	euweuh kasalahan
3	aya kasalahan tapi teu loba
2	sering aya kasalahan
1	loba pisan kasalahan

## 5) Volume Sora

Skala	Katégori
5	bedas ti mimiti nepi ka ahir
4	bedas sakapeung laun
3	kurang bedas
2	laun
1	bedas teuing/laun teuing

**Tabél 3.5**  
Skala Peunteun Ahir Maca Aksara Sunda

Skala	Katégori
90-100	Hadé Pisan
80-89	Hadé
65-79	Cukup
55-64	Kurang
0-54	Kurang Pisan

Tina tés kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture* bakal dihasilkeun peunteun kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda anu bisa diolah datana kana tabél 3.5.

**Tabél 3.6**  
Skor Kamampuh Awal jeung Ahir Maca Aksara Sunda

No	Data Siswa	Aspék					$\Sigma$	P	%	Kategori
		A	B	C	D	E				
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
	Jumlah									
	Rata-rata									

Keterangan:

- A : Waktu maca
- B : Jumlah kecap bener
- C : Lentong
- D : Artikulasi
- E : Volume sora

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, digunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 26, pikeun ngolah jeung nganalisis data.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Dina uji normalitas bisa dipikanyaho data panalungtikan distribusina normal atawa henteu. Dina *Statistic Parameric* distribusi data anu normal mangrupa sarat anu mutlak jeung kudu kacumponan. Uji normalitas data bisa dilakukeun ngaliwatan sababaraha uji statistik saperti, *Shapiro-Wilk*, *Kolmogorov-Smirnov*, *Liliefors*, jeung *Kurtosis*. Anapon hasil analisis pikeun uji normalitas dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

$H_0$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas ngagunakeun cara uji *Shapiro-Wilk* sabab data anu ditalungtik < 50, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H_1$  : ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) > 0.05

$H_0$  : ditarima, lamun nilai signifikan (sig.) < 0.05

#### 3.6.1.2 Uji Hipotésis

Saupama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data distribusi anu normal, diuji hipotésisna maké *Statistic Parametric* kalawan ngagunakeun *T-test*. Tapi upama data distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna maké *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Paired Test*.



Dina nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kritéria, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Hipotésis Alternatif ( $H_1$ ) : aya béda anu signifikan kamampuh awal maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture* ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024.

Hipotésis Nol ( $H_0$ ) : teu aya béda anu signifikan kana kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture* ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024.